



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FÒMASYON SOVTAJ NAN DLO KI GEN POU FÈT POU PREMYE SEKOURIS ATRAVÈ TOUT NEW YORK YO

Biwo Eta pou Prevansyon Ensandi ak Kontwòl (State Office of Fire Prevention and Control) ofri fòmasyon pou Teknisyen Sekouris yo pou Prepare Pwofesyonèl yo pou you gen Konesans ak Konpetans yo Bezwen pou Sove Viktim ki Tonbe nan Glas yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta New York la ki nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, NYS DHSES) ap ofri fòmasyon sou Sovtaj nan Dlo Konjele ak nan Dlo Frèt bay Teknisyen atravè tout eta yo. Kou yo pral anseye premye sekouris yo, ki gen ladan yo ponpye ak pèsònèl ijans lokal yo, teknik apwopriye sou kijan pou yo sove viktim ki sou dlo frèt oswa ki nan dlo konjele yo. Fòmasyon yo fè pati yon efò kowòdone pou amelyore sekirite sou tout longè vwa navigab yo pou tout Nouyòkè ki jwi aktivite lwazi sezon ivè yo.

“New York gen anpil opòtinite pou aktivite lwazi premye plan pandan sezon ivè sou bò lak, etan, ak vwa navigab nou yo, epi nou dwe asire rezidan tankou vizitè yo ka pwofite san danje tout sa bèl plennè nou yo gen pou yo ofri yo,” **Gouvènè Cuomo te di.**

“Fòmasyon sa yo pral bay premye sekouris yo fòmasyon ak konpetans yo bezwen pou yo aji nan sitiyasyon ijans ozalantou vwa navigab konjele yo, kote chak segond konte, epi rann eta sa a pi an sekirite pou tout moun.”

“Sovtaj sou glas yo ka danjre anpil pou premye sekouris nou yo, paske yo kapab tonbe viktim tou akòz danje sovtaj sou glas la poze pou yo,” **Komisè DHSES la, John Melville te di.** “Nenpòt lè ou patisipe nan aktivite sou glas yo, li absoliman enpòtan pou yo asire glas yo san danje avan yo kòmanse sovtaj la.”

Klas 16 èdtan sa a mete ansanm fòmasyon nan sal klas ak fòmasyon pratik epi li kouvri kijan pou yo rekòtè karakteristik glas yo, espesyalman fòs ak feblès yo, kijan pou yo itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl nan dlo yo, teknik sovtaj, aspè medikal sovtaj nan dlo konjele ak dlo frèt, epi li abouti avèk fòmasyon dirèk, pratik yo. Foto fòmasyon ki te fèt avan yo disponib [isit la](#).

Après plizyè lanmò ki te rive resaman, Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York la (New York State Department of Environmental Conservation) ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te [avèti](#) antouzyas aktivite anplennè yo tou konsènan danje motonèj sou glas fen yo poze.

Lè y ap prepare pou peche pwason, fè patinaj sou glas, monte moto nèj, oswa fè nenpòt lòt aktivite, n ap raple Nouyòkè yo pou yo ta dwe konsidere nenpòt sifas glas ki mwens pase twa pous poze danje pou nenpòt aktivite. Yo konsidere twa ak kat pous nouvo, glas klè san danje pou lapèch oswa aktivite a pye yo, epi yo egzije omwen 5 pous pou itilizasyon moto nèj oswa moto kat wou (ATV). Li nesèsè pou gen omwen 12 pous nouvo, glas klè pou nenpòt tip aktivite ki inplike yon machin oswa kamyon. Epesè glas sa yo ta dwe double pou nèj ki fonn yo ak glas blan yo, paske yo fèb anpil. Glas ki sou zòn kot yo, prè waf ki gen fontèn dlo yo, ak prè sifa dlo k ap fè mouvan yo ka pwodwi zòn ki gen glas ki pi fen, ki pi danjre yo. Nenpòt moun ki gen enkyetid sou epèsè glas sou yon sifas dlo, konsilte otorite lokal yo pou detèmine si wi ou non gen danje pou yo avan yo kontinye.

Yo ofri Kou pou Teknisyen Sovtaj Dlo konjele ak Dlo Frèt yo soti janvyè rive Mas chak ane toupatou nan eta a. An 2017 la, 146 ponpye te deja pran kou a pandan uit sesyon atravè tout New York. Kou 2017 yo ap fèt nan:

- Konte Broome
- Konte Jefferson
- Monroe (3 kou)
- Konte Ontario
- Konte Schuyler (2 kou)

Kou nan fòmasyon k ap vini yo pwograme pou yo fèt nan:

- Sèvis Ponpye Franklinville la - 18-19 Fevriye (Konte Cattaraugus)
- Sèvis Ponpye Johnsonville - 18-19 Fevriye (Konte Rensselaer)
- Sèvis Ponpye Hammondsport - 25-26 Fevriye (Konte Steuben)
- Sèvis Ponpye Croton Falls - 25-26 Fevriye (Konte Westchester)
- Sèvis Ponpye Yonkers - 27-28 Fevriye (Konte Westchester)
- Sèvis Ponpye Lakeville - 4-5 Mas (Konte Livingston)
- Sèvis Ponpye Minoa - 4-5 Mas (Konte Onondaga)
- Sèvis Ponpye Colton - 11-12 Mas (Konte St. Lawrence)
- Sèvis Ponpye Waterloo - 11-12 Mas (Konte Seneca)

Sèvis ponpye ki ta vle pwograme yon kou yo ka soumèt yon demann pou fòmasyon atravè Biwo Kowòdinasyon Ensandi Konte yo a (County Fire Coordinator's Office).

Enfòmasyon sou Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a

[Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi a \(Office of Fire Prevention and Control\)](#) bay ponpye yo, sekouris ijans yo, ajans gouvènman lokal ak eta yo, inivèsite piblik ak prive yo, ak sitwayen New York yo yon gam sèvis varye. Biwo a fè sekirite piblik la pwogrese atravè pwogram fòmasyon ponpye, edikasyon, prevansyon ensandi, anketè, pwogram operasyon espesyal ak teknik sovta. Sèvis esansyèl sa yo ke yo bay alè yo pèmèt Biwo a fè kontribisyon ki enpòtan nan sekirite tout Eta New York.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans \(Division of Homeland Security and Emergency Services\)](#) lan ak kat biwo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Ensandi, ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans li yo,-- bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou prevni, pwoteje, prepare, reponn, epi rekipere kont atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook, swiv [@NYSDHSES](#) sou Twitter, oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418